NEW RENAISSANCE international scientific journal
ResearchBib IF - 11.01, ISSN: 3030-3753, Volume 2 Issue 12

# XALIQ QOSIQLARI TIYKARINDA JASLARDIŃ ÁDEP-IKRAMLIQ PAZIYLETLERIN QÁLIPLESTIRIW.

**docent Nadırova Aygúl Bazarbaevna**
Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı.
**Mambedullaeva Ulzada Koshımuratovna**
Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı magistrantı.

https://doi.org/10.5281/zenodo.17921090

***Annotatsiya.*** *Maqalada házirgi waqıtta húkimet tárepinen jaslarǵa baylanıslı mámleketlik siyasat baǵdarlamaları, jas áwlatdıń ruwxıy-etikalıq, tárbiyasın keń kólemde alıp barıwda kórkem- óner, muzıka kórkem-ónerin quramalı úyreniw, xalıq qosıqları tiykarında jaslardıń ruwxıy-etikalıq pazıyletlerin qáliplestiriw haqqında keń tusinik berilgen.*

***Gilt sózler:*** *pedagogika, ilim, muzıka, áwlad, ásbaplar, kórkem-óner, innovaciya, dástúriy, tárbiya, metod, mádeniyat.*

# ФОРМИРОВАНИЕ НРАВСТВЕННЫХ КАЧЕСТВ МОЛОДЕЖИ НА ОСНОВЕ НАРОДНЫХ ПЕСЕН.

***Аннотация.*** *В статье дается широкое представление о программах государственной молодежной политики, проводимых в настоящее время правительством, комплексном изучении искусства, музыкального искусства в широком масштабе духовно-нравственного воспитания молодого поколения, формировании духовно-нравственных качеств молодежи на основе народных песен.*

***Ключевые слова:*** *педагогика, наука, музыка, поколение, инструменты, искусство, инновация, традиционный, воспитание, метод, культура.*

# FORMATION OF MORAL QUALITIES OF YOUNG PEOPLE BASED ON FOLK SONGS.

***Abstract.*** *The article provides a broad overview of the state youth policy programs currently being implemented by the government, the comprehensive study of art, music, and the spiritual and moral education of the younger generation on a large scale, and the formation of young people's spiritual and moral qualities based on folk songs.*

***Keywords:*** *pedagogy, science, music, generation, tools, art, innovation, traditional, upbringing, method, culture.*

Hár jılı húkimet tárepinen jaslarǵa baylanıslı mámleketlik siyasat baǵdarlamaları tastıyıqlanadı. Máselen, Program for the implementation of the state youth policy in the Republic of Uzbekistan for 2022-2023 sıyaqlı baǵdarlamalar, jergilikli hám respublika dárejesinde jaslar ushın bilim, miynet, bántlik hám sociallıq shuǵıllanıw imkaniyatların jaratıwdı názerde tutadı.

Jaslarǵa baylanıslı mámleketlik siyasattıń nátiyjeliligin arttırıw hám Ózbekstan jaslar awqamınıń jumısın qollap-quwatlaw haqqında (2017-jıl 5-iyul, NoPP-5106) - jaslardıń mápleri, olardı sociallıq, ruwxıy hám ekonomikalıq qollap-quwatlaw, jaslar awqamınıń strukturasın rawajlandırıwǵa baylanıslı pármanda bunıń ayqın dálili bola aladı.

Jas áwlatdıń ruwxıy-etikalıq, tárbiyasın keń kólemde alıp barıwda kórkem- óner, muzıka kórkem-ónerin quramalı úyreniw úlken tárbiyalıq kúshke iye bolıp esaplanadı. Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. Mirziyoevtıń 2018-jıl 14- avgustdaǵı 3907-sanlı qararında oqıwshı-jaslardıń bos waqıtın mazmunlı shólkemlestiriw, orınlarda túrli dóretiwshilik hám tálim, dógerek iskerligin jaqsılaw, ǵalaba xabar quralları, teatr, kino hám muzıka kórkem ónerinde jaslar arasında xalqımız ruwxıylıǵın, milliy ǵárezsizlik ideyasın engiziw, búgingi reformalardıń

mánisin jarıtıwǵa qaratılǵan sistemalı islerdi shólkemlestiriw máseleleriniń óz aldına toqtalıp ótilgenligi biykarǵa emes.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. Mirziyoevtıń bul qarardı xalıq qosıqları tiykarında jaslardıń ruwxıy-etikalıq pazıyletlerin qáliplestiriwi, qaraqalpaq milliy kórkem óneri hám de jáhán muzıka ádebiyatınıń ullı kórkem úlgileri arqalı joqarı ruwxıyatlı, dúńyaǵa keń kózqarasqa iye bolǵan belsendi hám patriot jaslardı tárbiyalaw, jaslardı jat illetler, ideyalar tásirinen qorǵaw, olardı milliy hám ulıwma insanıylıq qádiriyatlarǵa sadıqlıq, milliy ruwx hám milletlerara tatıwlıq ruwxında tárbiyalawına da tikkeley tiyisli esaplanadı.

Usı qararda mámleketimizde ósip kiyatırǵan jas áwlattıń ruwxıy álemi hám materiallıq dárejesin kóteriw, jaslarımızdıń milliy hám jáhán muzıka mádeniyatınıń ullı úlgilerinen keń dunya qaraslı bolıwı ushın zárúr shárt-shárayatlar jaratıw hám sol tiykarda muzıkalıq tálimdi jáne de rawajlandırıw, buǵan baylanıslı kadrlar tayarlaw sistemasın jetilistiriw boyınsha ámelge asırilatuǵın wazıypalar kórsetilgen.

Keleshegimiz bolǵan jas áwlatdıń muzıkalıq uqıbı hám mádeniyatın kóteriw maqsetinde mámleketimizdiń hár bir qala hám rayonındaǵı muzıka hám kórkem óner mekteplerinde «Ustaz - shákirt» munasábetlerin jáne de jetilistiriw, xalqımızdıń ruwxıy mádeniyatın rawajlandırıw, milliy muzıka kórkem óneri jetiskenliklerin úyreniw boyınsha úlken múmkinshilikler jaratılǵan.

Bunday múmkinshiliklerdiń jaratılıwı, birinshiden, jaslarda xalıq muzıka kórkem ónerine muhabbat oyatıp, qosıqshılıq, sazendelik, atqarıwshılıqqa tiyisli bilim, kónlikpe hám ilmiy tájriybelerdi qáliplestiriwge xızmet etedi. Muzıka kórkem óneri tiykarında jaslardıń ruwxıy-etikalıq mádeniyatı, milliy ar-namıs hám patriotlıq tárbiyası ámelge asırıladı. Dóretiwshilik uqıp, gózzallıq hám kórkem talǵam kámal tabadı, pikirlew dárejesi keńeyedi. Muzıka kórkem óneri nawqıran áwladımızdı joqarı ruwxıylıq ruwxında tárbiyalawǵa kúshli tásir kórsetedi.

Húrmetli Prezidentimiz Sh. Mirziyoevtıń Qaraqalpaqstan Respublikasına saparında berilgen tapsırmalar sheńberinde qaraqalpaq xalqınıń ásirler dawamında jetip kelgen biybaha mádeniy miyrasın qásterlep saqlaw, onı jańa basqıshqa alıp shıǵıw hám dúnya kóleminde keńnen úgit-násiyatlawǵa ayrıqsha itibar qaratıp, bul boyınsha respublikamızda bir qansha ilajlar ámelge asırıldı.

Ásirese, milliy muzıka mádeniyatınıń ajıralmas bólegi esaplanǵan qobız áspabı, bul qobız áspabın soǵıw dástúrleri hám jırawshılıq ónerin zamanagóy hám ámeliy tiykarlarda rawajlandırıw, jas áwladtıń sanasına tereń sińdiriw, xalıqaralıq kólemde ǵalaba en jaydırıw máseleleri tiykarǵı wazıypa sıpatında belgilep berildi.

2025-jıldıń 8-13-dekabr kúnleri Hindstannıń Nyu-Deli qalasında YUNESKOnıń materiallıq emes mádeniy miyrastı qorǵaw Húkimetleraralıq komitetiniń gezektegi XX sessiyası bolıp, bunda Ózbekstan Respublikasınan usınılǵan «Qobız soǵıw hám atqarıwshılıq óneri», YUNESKOnıń jedel qorǵawǵa alınıwı lazım bolǵan materiallıq emes mádeniy miyrası elementleriniń dizimine kirgiziw haqqındaǵı qararı bir dawıstan qabıl etildi.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh. Mirziyoev tárepinen barlıq tarawlar qatarında xalqımızdıń bay mádeniyatlarınan biri bolǵan baqsıshılıq hám jırawshılıq ónerin bunnan bılay da rawajlandırıw, onıń milliy mádeniyatımız hám kórkem ónerimizdegi ornı menen áhmiyetin arttırıwǵa ayrıqsha itibar qaratıldı hám bul baǵdarda jumıslar ámelge asırılıp kelmekte.

Qaraqalpaq xalqı tariyxında qáliplesken hám rawajlanǵan muzıka kórkem óneri búgingi kúnde sapa tárepinen jańa basqıshqa kóterildi. Milliy muzıka kórkem óneri jetiskenliklerin úyreniw boyınsha úlken múmkinshilikler ashıldı. Bul tarawdıń rawajlanıwına kórsetilip atırǵan turaqlı itibar nátiyjesinde jas uqıplardıń óz talantın kórsete alıw ushın qolay shárt-shárayatlar

jaratıldı. Qaraqalpaq xalıq qosıqları tiykarında jaslardıń ruwxıy-etikalıq ruwxıylıǵın qáliplestiriw aktual máselelerden birine aynalǵanlıǵı sır emes.

Qaraqalpaq xalıq qosıqları tiykarında jaslardıń ruwxıy-etikalıq pazıyletlerin qáliplestiriw usılları, quralların anıqlaw, pedagogikalıq-psixologiyalıq múmkinshiliklerin ashıw zárúr bolıp kelmekte. Sebebi muzıka táliminiń bul baǵdarı oqıwshılarda qaraqalpaq xalıq qosıǵına tiyisli teoriyalıq hám ámeliy bilimlerdi, kórkem-muzıkalıq, estetik oylawdı qáliplestiriwde, ruwxıy-etikalıq tárbiyalawda aktual máselelerden esaplanadı. Jetik insandı tárbiyalaw, usı jámiyette jasap atırǵan adamlardıń ruwxıy-etikalıq tárepten jetikligi hám joqarı dárejedegi intellektual potencialına baylanıslı.

Bilimlendiriw tarawındaǵı ruwxıy-etikalıq, social, mádeniy jańalıqlar, turmıslıq tájiriybeler tiykarında muzıka páni mazmunın qaraqalpaq baqsılarınıń milliy miyrasları tiykarında rawajlandırıp barıw balalardıń bekkem turmıslıq kózqarasın qáliplestiriwde, sonıń menen birge, ruwxıy-etikalıq pazıyletlerin tárbiyalawda úlken áhmiyetke iye.

**Paydalanǵan ádebiyatlar**

1. «2022-2026 Yillarga Mo‘ljallangan Yangi O‘zbekistonning Taraqqiyot Strategiyasi To‘ǵrisida» O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining Farmoni Toshkent sh., 2022 yil 28 yanvar, PF-60-son
2. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2019 yil 14 maydagi “Baxshichilik san'atini yanada rivojlantirish chora-tadbirlari to‘ǵrisida”gi PQ-4320-son qarori.
3. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining “O‘zbekiston respublikasini yanada rivojlantirish bo‘yicha harakatlar strategiyasi to‘ǵrisida”gi farmoni. // O‘zbekiston respublikasi qonun xujjatlari to‘plami- T. 2017.y. B. 39.
4. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining PF-3431 sonli farmoni. 2004 yil 21-may «2004-2009 yillarda maktab ta'limini rivojlantirish davlat umummilliy dasturi to‘ǵrisida».
5. Ayımbetov Q. «Xalıq danalıǵı», «Qaraqalpaqstan» baspası Nókis «Qaraqalpaqstan» 1988-j.
6. Allanazarov D. «Qaraqalpaq milliy alamoynaq duwtar sazendeshiligi sabaqlıǵı». Bolalar musiqa maktablari uchun 1-2-3-4-5-sinflar. Toshkent. «Ǵafur Ǵulom atındaǵı baspa-poligrafialıq dóretiwshilik úyi» 2013-j.
7. A.Nadırova. “Qaraqalpaq muzıka tariyxı” “Sano-standart” baspası. T-2018-j.